The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

Nokuda kweZion handinganyarari, nokuda kweJerudarema handingarambi ndinyerere, kusvikira kururama kwake
No. 20 kwapenya semambakwedza, ruponeso rwake (rwaita) somwenje unopfuta... -- Isaya 62:1 2024

Mwoyo Neshuviro YaMwari KuvaIsiraeri

naRich Carmicheal

"Haiwa Jehovha, shoko renyu rinogara nokusingaperi; rinomira rakasimba kudenga denga. Kutendeka kwenyu kunoramba kuripo kusvikira kuzvizvarwa zvose" (MaPisarema 119:89).

Chinyorwa chino cheMharidzo Yokuuya Kwake (chakatakura) uye chiri kutarisisa zvikurusa mwoyo nezvishuviro zvaMwari kunyika yaIsiraeri uye rudzi rwavaJudha. Sezvinoratidzwa nemagwaro mazhinjisa muShoko raMwari, rudo nekuvimbika kwaMwari kurudzi rwavaJudha haruna magumo nokupera uye hurongwa hwavo uhu ndiwo mwongo nechiga hwenguva yatiri kuarama, nguva yokuguma. Zvinyorwa zvokutanga panyaya iyi, zviri muchitsauko chegumi nechimwe mubhuku yavaRoma, umo munoratidzwa (namupositori Pauro) zvokwadi izvi zvinotevera:

• Mwari havana kumbobvira varasa vanhu vake, avo vari vaIsiraeri. Munzwe mupositori achibvunza nekuzvipindura, *"Zvino ndinobvunza ndichiti: Mwari akarasa vanhu vake here? Kwete napaduku pose! Nokuti ini pachangu ndiri muIsraeri, chizvarwa chaAbhurahama, ndiri worudzi rwaBhenjamini. Mwari haana kurasa vanhu vake, avo vaakaziva pakutanga..."* (vv. 1-2).

• VaIsiraeri havana kugumburwa kana kugumbuswa zvokuwa zvachose. *"Zvakare ndinobvunza ndichiti: Ko, vakagumbuswa vakawa zvokusazomukazve here? Kwete napaduku pose! Asi kuti nokuwa kwavo ruponeso rwakauya kune veDzimwe Ndudzi kuti Israeri ive negodo..."* (v. 11).

• Isiraeri achapinda mukuzara kwake uko kucharopafadza ndudzi dzose zvikurusa. *"Zvino kana kudarika kwavo kuchipfumisa nyika, uye kurasikirwa kwavo kuchireva pfuma kune veDzimwe Ndudzi, kuzara kwavo kuchauyisa pfuma yakakura zvakadii!"* (v. 12). Kutambirwa kwavo kuchauyisa upenyu kubva kurufu. *"Nokuti kana kuraswa kwavo kuri kuyananiswa kwenyika, ko, kugamuchirwa kwavo kuchagoveiko, asi upenyu kubva kurufu?"* (v. 15).

• Mwari achabatanidzazve vaIsiraeri pagunde ravo remuOrivhi. *"Uye kana vakasarambirira pakusatenda, vachabatanidzwa, nokuti Mwari anogona kuvabatanidza zvakare. Nokuti, kana iwe wakatemwa kubva pamuorivhi womumunda pakusikwa kwawo, uye ukabatanidzwa pamuorivhi womumunda zvichipesana namasikirwo azvo, ko, kuzoti ayo agara ari epo achazofara sei kuti abatanidzwezve mumuti wawo womuorivhi?"* (vv. 23-24).

• Kusindimara kwemwoyo yavaIsiraeri ndokwenguva shomana. *"Hama dzangu, handidi kuti musaziva, chakavanzika ichi, kuti murege kuva namanyawi: vaIsraeri vakaomeswa mwoyo kusvikira veDzimwe Ndudzi vakakwana vapinda"* (v. 25). Upofu munguva dukusa kuna Isiraeri hwaitika kusvikira nguva yokubatanidwza kwedzimwe Ndudzi kwazadziswa. *"Naizvozvo Israeri yose ichaponeswa, ezvazvakanyorwa zvichinzi: PaZioni pachabuda musununguri; achabvisa kusada Mwari kuna Jakobho"* (v. 26).

• Isiraeri vadikanwi nokuda kwamadzibaba avo nokuti zvipo zvaMwari nokudana kwake hazvishandurwi (vv. 28-29).

• Sengoni dzaakaratidza kuvemamwe marudzi, Mwari vachavawo nenyasha kuvaIsiraeri. Nokuti sezvo imi makanga musingateereri Mwari pane imwe nguva magamuchira ngoni zvino nokuda kwokusateerera kwavo, saizvozvo naivowo zvino havachateereri kuitira kuti vagamuchire ngoni nokuda kwengoni dzaMwari kwamuri (vv. 30-31).

• Mashandiro aMwari nhasi neveDzimwe Ndudzi nezvaari kuzotarisirwa kuita ramangwana nevaIsiraeri zvikwenyerwa, zvisimudza havi, zvikuru kwazvo zvokuvarumbidza Mwari. *"... saizvozvo naivowo zvino havachateereri kuitira kuti vagamuchire ngoni nokuda kwengoni dzaMwari kwamuri. Nokuti Mwari akapfigira vanhu vose pakusateerera kwavo, kuti avanzwire ngoni vose. Haiwa, udzamu hwokupfuma kwouchenjeri noruzivo rwaMwari! Kutonga kwake hakunganzverwi, uye makwara ake haangarondwi! Ndianiko akaziva pfungwa dzaShe? Kana akava mupi wake wamazano? Nokuti zvose zvinobva kwaari uye zviripo kubudikidza naye uye zvose ndezvake. Ngaave nokubwinya nokusingaperi! Ameni!"* (vv. 30-36).

Pamwe chete nezvokwadi zvose izvi munewo zvivimbiso zvaMwari zvokuunganidzirazve vaJudha munyika yavo yechipikirwa kubva mupasi rose. *"Pazuva iroro Jehovha achatambanudza ruoko rwake kechipiri kuti adzorezve vakasara, ivo vanhu vake vakasiyiwa kubva kuAsiria, kubva zasi kweIjipiti, nokubva kumusoro kweIjipiti, kuEtiopia, kuEramu, kuBhabhironi, nokuHamati uye nokubva kuzviwi zvegungwa.*

(Inoenderera Mberi Papeji 2)

(Kubva Papeji 1)
Achasimudzira marudzi mureza uye achaunganidza vakadzingwa vaIsraeri; achaunganidza vakaparadzirwa vavanhu veJudha, kubva kumativi mana enyika" (Isaya 11:11-12). *"Nokuti ndichakubudisa (iwe Isiraeri) pakati pendudzi; ndichakuunganidzai kubva kunyika dzose ndigokudzoserai munyika yangu chaiyo. Ndichasasa mvura yakachena pamusoro penyu, uye muchava vakachena, ndichakunatsai patsvina yenyu yose napazvifananidzo zvenyu. Ndichakupai mwoyo mutsva nokuisa mweya mutsva mukati menyu, ndichabvisa mwoyo webwe mamuri ndigoisa mwoyo wenyama mukati menyu. Uye ndichaisa Mweya wangu mukati menyu uye ndichakuitai kuti mutevere mitemo yangu mugochenjerera kuchengeta mirayiro yangu"* (Ezekieri 36:24-27). Verengawo muporofita Ezekieri 11-27. VaIsiraeri havazodzurwizve zvachose munyika yavo yechipikirwa. *"Ndichadzosazve vanhu vangu vakatapwa, ivo vaIsraeri; vachavakazve maguta akaitwa matongo uye vachagara maari. Vachasima minda yemizambiringa vagonwa waini yayo. Vacharima mapindu uye vachadya zvibereko zvawo. Ndichasima Israeri munyika yavo voga, havazodzurwizve kubva panyika yandakavapa, ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari wako"* (Amosi 9:14-15), zvakare kuti vachadzokoredzazve Jerusalem kwavari vaIsiraeri (Ruka 21:24; Joere 3:17). Zvinoshamisa sei kwatiri kuti, iwe neni, nhasi tiri kuraramawo munguva yokuzvarwa patsva kwenyika yaIsiraeri (1948), yokuunganidzwazve kwavaJudha munyika yavo yechipikirwa, yokusunungurwa kweguta reJerusarema, Zioni guta raDavid, (1967), uye mumakore achangopfuura aya, kuremekedzwa kweJerusarema nenyika yeAmerica seguta guru (the capital of Israel!) renyika yaIsiraeri.

Hongu, kudzoredzerwazve pamweya kwaIsiraeri kukurusa kuchigare kuitika hakwo. Asika, kana zvakadaro, pane chikonzero chikurusa chomufaro sezvo pane nhau dzinofadza dzevaJudha vazhinjisa vari kutendeukira kuna Jesu Kristu saMuponisi wavo uye vachigamuchira ruponiso maari.

Patinofunganya pamusoro pezvose zvirikuzarurwa naMwari mumeso edu, pamusoro paIsiraeri, izvo zvine chokuita nemwoyo nezvishuviro zvavo, pane zviga zvitatu zvatinofanira kudzika nokubatisisa:

1. Kurindira Nekugadzirira Kudzokazve KwaKristu! Muchimwe chinyorwa chakare mumagazini yeHerald, chine musoro unoti, "Israel Is God's Timepiece of the Ages" munyori anoti iye, "Kudzorerwazve kwePalestine kuna Isiraeri uye Isiraeri muPalestine nde CHIMWE CHERATIDZO CHIKURUSA CHOKUDZOKAZVE KWAJESU? Kana pasina chimwe chirakidzo chakayanikwa kurudzi rwavanhu vanhasi, ichi chokudzorerwazve kwaIsiraeri ndeicho chikurusa chinofanira kuzadza hana dzedu nerudo rwokuvhairira kudzokazve kwaKristu."

Mudzidziso yokudzokazve Kwake Rwepiri, Jesu anonongedzera kukuparadzwa nokutsikwatsikwa kweguta guru reJerusarema mugore ra (70 A.D.) uye akataurazve iye kuti vaJudha, *"vaizourayiwa nomunondo uye vachaitwa vasungwa kundudzi dzose. Jerusarema richatsikwa neveDzimwe Ndudzi kusvikira nguva dzeveDzimwe Ndudzi dzazadziswa"* (Ruka 21:24). Anotsanangurazve nezvezvimwe zvirakidzo zvokudzoka kwake akazono pedzisira neaya manzwi achiti, *"...panotanga kuitika zvinhu izvi, mumire mugosimudza misoro yenyu, nokuti dzikinuro yenyu yoswedera"* (v. 28). Muhurukuro iyi anotaurazve nezvomufananidzo wemuti wemuonde uye akavadzidzisa kuti, *"Zvino dzidzai chidzidzo ichi kubva pamuonde: Panopfava matavi awo uye mashizha awo otungira, munoziva kuti zhizha rava pedyo. Saizvozvowo, nemiwo pamunoona zvinhu zvose izvi (zvoitika) muzive kuti nguva yangu yava pedyo, yava pamusiwo"* (vv. 29-31), kana kuti, nemiwo pamunoona zvinhu zvose izvi (zvoitika) zivai kuti nguva yangu yava pedyo, uyeyava pamusiwo "it is near – at the doors!" (Mateo 24:33). Muchadzera cheizvi zvose zvatiri kuoneswa munyika yeIsiraeri neguta reJerusarema, chokwadi, hama vadiwa, yasvika zvino awara yokuti tirinde nokugadzirira!

2. Ropafadza Rudzi RwavaJudha. Dokwairiro hurusa yaMwari ndeyokuti Kereke (zvikuru sei yeveDzimwe Ndudzi) iunzire godo kuverudzi rwaIsiraeri (VaRoma 11:11). Hurongwa hwavo ndehwokuti kubudikidza netsitsi dzavo kwatiri, vaJudha vawanewo tsitsi (v. 31). Zvinorwadza zvikurusa sei kuona kuti munguva zhinji zvotoona nhasi (maringe naIsiraeri) hazvisisirizvo. Nhoroondo yeKereke izere ngano nemienzaniso yokuvengwa kwavaJudha (anti-semitism), uye kushungurudzwa kusina mukare akamboona kwavaJudha. Kana naiye nhasi chaiye vachiripo vatendi veDzimwe Ndudzi vane ukasha kunaIsiraeri uye nevorudzi rwechiJudha.

Mupositori Pauro vanotirakidza mwoyo unoshuvirwa

Mharidzo Yokuuya Kwake imagazini rinotsikiswa nguva iri ipi zvayo pagore zvichienderana nokupihwa kwatinenge taitwa rubatsiro naMwari uye nevanotitsigira muzvipo neminamato. Rinopihwa pachena kuna ani naani anenge arikumbira kubva kune **veGospel Revivals Inc**. avo vanotsikisazve magazine rechirungu rinonzi Herald Of His Coming. Kero yavo inoti: P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878. U.S.A. Kero yepawebsite: heraldofhiscoming.org

Mukoponori nomupepeti **weMharidzo Yokuuya Kwake:** Godfrey Ndiriwenyu. Ndapota tumirai minamato, zvikumbiro nemanzwi okutenda pakero yedu yomuZimbabwe inoti: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo, Zimbabwe.
E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com
Nhamba dzembozharunhare ndedzinoti +263 772 929673 DzeLandline +263 292 498041
Nhengo dzevapi vemazano: Pastor Fortune Mate, Inock Siziba, Promise Nyathi, Maxwell Matewe

naMwari kuti tive nawo kunaIsiraeri: *"Hama, kuda kwomwoyo wangu nokunyengetera kwangu kuna Mwari pamusoro pavaIsraeri ndekwokuti vaponeswe"* (VaRoma 10:1). Hongu, tinofanira kuva nemwoyo inotsvirira kuponeswa kwavose uye tinofanira kuvanyengeterera uye tichigoverana Ivhangeri nendudzi dzose. Asiwoka ngatirangarirei kuti tine kudanwa kwakakosha kwo *"kunyengeterera runyararo rweguta reJerusarema"* (MaPisarema 122:6), uye tichinyengeterera kuponeswa kwaIsiraeri, uye kugeveranawo Ivhangeri neverudzi rwavaJudha avo vari mhodzi yakakosha kwazvo pamwoyo wavo, uyewo vari vakakoshesa kuzvirongwa nezvishuviro zvavo zvekuponesa nyika. Uye zvakakoshawo sei kuti upenyu hwedu hupenye nekuratidzira rudo nekubwinya kwaMwari kuti tikwezve verudzi rwaJudha, nevose, kuna Jesu Kristu neruponiso rwuri maari.

3. Rumbidza Mwari Nokuda Kwokuvimbika Nengini Dzake, Uye Ramba Uchivimba Naye! Chikonzero nei Ishe varikudzoredzera nekuunganidzira Isiraeri munyika yavo hakuziri kuti zvakavakodzera – hapana kana mumwe akadzikodzera ngoni dzake. Mwari vari kuvadzoredzera nekuvaunganidza vaJudha nemhaka yokuti ndiMwari vakavimbika, uye vane tsitsi nengoni uye avo vanochengetedza zvivimbiso zvavakapikira. Varimundima yokuchengetedza chimiro chavo chamandorokwati. Naizvozvo kana tikaona vachivimbika kuzvivimbiso zvavo kuna Isiraeri mumazuva ano okuguma, mwoyo yedu inopfachukira nemufaro uye nokutenda kukurusa kwaari nokuda kwokuparadzira nyasha nokuvimbika kwake. Izvi zvinotikurudzirawo sei kuziva kuti navowo Mwari vacharamba vakavimbika uye vane tsitsi kwatiri nhasi, nemhaka yokuti izvi ndizvo zvavri-vakatendeka. Tinovimba navo zvikurusa kuti vanochengetedza zvivimbiso zvavo! *"O Jehovha Mwari Wamasimba Ose, ndianiko akaita semi? Mune simba, imi Jehovha, uye kutendeka kwenyu kunokupoteredzai"* (MaPisarema 89:8).

[Ngatinamatei: Maraki 4:5 *"Tarirai, ndichakutumirai muprofita Eria, zuva iro guru raJehovha, uye rinotyisa risati rasvika. Iye achadzosera mwoyo yamadzibaba kuvana vavo, nemwoyo yavana kumadzibaba avo…."*

Jehovha ndizodzei, ndive samuporofita Eria wamakatuma. Batai muromo wangu, rangu vhangeri riungire munyika yokwedu. Ndikwanisirei kudzosera mwoyo yamadzibaba kuvana vavo, uye nemwoyo yavana kumadzibaba avo...Ndibatsirei kudzorera mwoyo yevanhu venyu kukunyengeterera nekuropafadzai Isiraeri. Muzita raJesu, Messiah wedu… Ameni! [Mupepeti]

Nokuda KweZion Handinganyarari . . .

naGodfrey Ndiriwenyu

"Nokuda kweZion handinganyarari, nokuda kweJerudarema handingarambi ndinyerere, kusvikira kururama kwake kwapenya semambakwedza, ruponeso rwake ***(rwaita)*** *somwenje unopfuta..."* (Isaya 62:1).

"...Kana ndikakukanganwa, iwe Jerusarema, ruoko rwangu rworudyi ngarukanganwe unyanzvi hwarwo. Rurimi rwangu ngarunamatire mukanwa mangu kana ndikasakuyeuka, uye kana ndikasaita kuti Jerusarema rive chikonzero changu chikuru chomufaro..." (MaPisarema 137:5).

Mukereke yaKristu nhasi, pane kusaziva kwapinda uye kuri kuramba kuchitekeshera, semoto wesango mumwaka wechirimo. Kusaziva uku kuri maringe nechinzvimbo chaIsiraeri, pamwoyo nemuhurongwa hwaMwari hwokuponesa nyika **(God's prophetic plan of salvation).** Kusaziva uku, chivi chikurusa chiri kupinda zvishoma nezvishoma sezimota mumweya yavatsvene. Nokuda kwokusaziva ikoku vatsvene vazhinji vari kutsvedzemukira mukusimudza hasha dzaMwari dzinopfuta moto (Hoziya 4:6). Chinhu chinokatyamadza, kurwadza nokusiririsa zvikurusa muKereke yanhasi ndechekuona vatendi vazhinjisa vasinga nyatsonzwisisa zvinodzidziswa neBhaibheri [Shoko raMwari] pamusoro pavaJudha nenyika yaIsraeri. Vamwewo ndivo vaya varimuhope dzamukore dzokusaziva, uye havana zvavo kana basa nazvo, kanapo izvi zvine chokuita noruponiso rwavo. Jehovha Mwari vedu vanoda, Isiraeri, rudzi rwavaJudha zvikurusa, uye kubva mubhuku yavaRoma chitsauko 11:25-36 hurongwa hwokuponeswa kwava Judha haruzati rwapera.Vashoma vadzidzi veShoko raMwari (**theologians**) nhasi, varikudzidzisa kana kupesvedzera nezvokukosha kwavaJudha muurongwa hwaMwari hwokuponesa nekuporesa mandudzi ose, ari pasi pedenga. Vamwewo ndivo vototsetsemura nekuvedzenga dzidziso inoti Kereke ndiyo yakatora chinzvimbo chaIsraeri muuhurongwa hweruponeso **(plan of salvation)**, **(Replacement Theology**). Ndivoka varikuti mumwaka watiri vaJudha vakarasiwa naMwari nemhaka yokuti, mukusateerera, ndivo vakauraya Jesu Kristu Mwanakomana waMwari. Ichi chinhu chinorwadza nekusuwisa zvikuru. Mafungiro iwaya chivi chikurusa kuna Jehovha Mwari wedu nemhaka yokuti Bhaibheri Shoko raMwari pacharo rinoti iro, Jehovha vanoyeuka sungano yake (naIsiraeri) nokusingaperi. Havakanganwi chivimbiso chavakaita kuzvizvarwa zvavaJudha…Shoko ravo rinoti iro uyo akasika denga nenyika, haakanganwi *"Sungano yaakaita naAbrahamu, nemhiko yaakapika kuna Isaka, uye akaisimbisa semutemo kuna Jakobho. Uye sesungano inogara nekusingaperi kuna Israeri, Achiti, "Ndichakupa nyika yeKenania (iyo yave Israeri nhasi), kuti ive mugove wenhaka yako." Izvi zvakaitika pavakanga vari vashoma, Vari*

vashomanana, uye vari vatorwa munyika yacho. Vaifamba vachibva kune rumwe rudzi vachienda kune rumwe rudzi, Vachibva kune humwe umambo vachienda kune vamwe vanhu. Haana kurega mumwe munhu achivadzvinyirira, asi akatsiura madzimambo nokuda kwavo, achiti, ***"Musabata vazodziwa vangu, uye musaitira vaprofita vangu zvakaipa"***

Mwari havafari, vanotsamwa nokutsamwisisa, kana tichi kana kubata rudzi rwavaJudha zvine uyanga nouchapa. Inzwa zvavanotaura muchibvirano chavo naAbrahamu mubhuku reMavambo, *"Ndichaita kuti uve rudzi rukuru, uye* ***ndichakuropafadza****, ndichaita kuti zita rako rive gurusa, uye uchava* ***ropafadzo****.* ***Ndicharopafadza*** *vaya* ***vanokuropafadza****,* ***uye ani naani anokutuka ndichamutuka,*** *uye marudzi ose ari panyika* ***acharopafadzwa*** *kubudikidza newe"* (Genesis 12:2-3).

Inzwa ndikuudze hama yangu, pane kuropafadzwa kukurusa kunouya pamusoro poupenyu hwako kana uchiropafadza rudzi rwaAbrahamu, vanova ivo vaJudha. Mwari vanoti ivo, ***Ndicharopafadza*** *vaya* ***vanokuropafadza****.* Asiwo pane kutukwa kukurusa **(a curse)** kana newewo ukatuka nekudherera rudzi rwaAbhurahamu, rudzi rwavaIsiraeri. (***uye ani naani anokutuka ndichamutuka)***. Haasi makomborero chete atinovavarira paye patinoropafadza Isiraeri, asi kuti kutsigira Isiraeri ikurudziro kana kuti murayiro waMwari. (**a Bibical command**). Kuropafadza Isiraeri chiratidzo chedu chokuteerera kukutaura kwaJehovha Mwari wedu.

Hama yangu, iyi haisi nyaya yenhambetambe kana mahumbwe yandabata pano. Inyaya hurusa pamberi paMwari. Vanhu vazhinjisa nemarudzi mazhinjisa nhasi uno vari pasi pokutukwa kwaMwari nokuda kwemabatiro avakaita kana kuti avanoita rudzi rwava Judha, vana vaIsiraeri.

Mumwaka watiri kurarama nhasi, (uye nenguva inotevera) nyika zhinjisa dzichawira pasi pokutukwa nokuraswa nemhaka yemabatiro avanoita nyika yaIsiraeri. Inzwa aya manzwi amuporofita Joel vachitaura vari muMweya, *"Mumazuva iwayo nepanguva iyoyo, kana ndichinge ndadzosa nhapwa dzeJudha neJerusarema, ndichaunganidza ndudzi dzose ndigoenda nadzo pamupata weJehoshafati, mupata weSarudzo* ***(Valley of Decision****, nhasi uno tingati isu ndiyo United Nations). Ipapo ndichavatonga Nemhaka yezvavakaitira* ***vanhu vangu uye nhaka yangu Israeri****, nokuti vakavaparadzira pakati pemamwe marudzi, uye vakagovana nyika yangu. Vakanda mijenya pamusoro pevanhu vangu. Vakatsinhanisa vanakomana nezvifeve; vakatengesa vanasikana kuti vatenge waini yokuti vanwe"* (Joere 3:1-3). Isiraeri haasingori vanhu vaMwari chete, inhaka yaMwari. Mushoko ravo Mwari vanoti ***"Isiraeri vanhu vangu uye nhaka yangu."***

Jehovha Mwari wedu vanotsamwa zvikurusa kana tikasabata Mwanakomana wake Isiraeri zvakanaka uye vanopazve mhosva hurusa kuuyo asina zvaanoita kana kuti anongonyarara iye achiona Isiraeri achirwiswa kana kumbunyikidzwa. Munzwezve achitaura mubhuku yamuporofita Obhedhiah, *"Pazuva iro wakamira parutivi wakatarisa vatorwa pavakatakura pfuma yake (Isiraeri) vakaenda nayo. Pazuva rakatapwa uto rake nevatorwa, vanhu vekune imwe nyika pavakapinda pasuo rake, pavakakanda mijenya pamusoro peJerusarema, iwe wakatevedzerawo zvavaiita. Haufaniri kufarira dambudziko remunin'ina wako, Haufaniri kufarira kuparara kwevanhu veJudha, Uye haufaniri kutaura mashoko okuzvikudza pazuva rekutambudzika kwavo. Haufaniri kupinda pagedhi revanhu vangu pazuva ravanowirwa nenjodzi. Haufaniri kufarira dambudziko rake, Uye haufaniri kutora pfuma yake pazuva raanowirwa nenjodzi. Haufaniri kumira pamharadzano dzenzira kuti uuraye vanhu vake vanenge vachitiza, Uye pazuva redambudziko rake haufaniri kutora vanenge vapona uchivaisa mumaoko emuvengi. Nokuti zuva raJehovha rokurwisa marudzi ose rava pedyo.* ***Zvawakaitira vamwe ndizvo zvauchaitirwawo. Mabatiro awakaita vamwe ndiwo mabatirwo auchaitwa.*** *Marudzi ose acharamba achinwa waini semanwiro amakaita muri mugomo rangu dzvene. Achainwa oipedza yese, uye zvichaita sekuti haana kumbobvira avapo. Asi muGomo reZiyoni ndimo muchava nevachapukunyuka, Uye richava dzvene; Uye imba yaJakobho ichatora zvinhu zvayo"* (Obadiah 1:11-17). Mashoko makukutu anobata zvikurusa iwaya. Pane kutukwa pamusoro poupenyu hwangu kana hwako hama yangu kana tikatuka Isiraeri. Zvakare pane kutukwazve kana ukangomira chete usina chaunoita Isiraeri, nhaka yaMwari achishungurudzwa nokutambudzwa. Zvanzi izvo naJehovha Mwari waIsiraeri… *"****Haufaniri*** *kufarira dambudziko panaIsiraeri,* ***Haufaniri*** *kufarira kuparara kwevanhu veJudha, Uye* ***haufaniri*** *kutaura mashoko okuzvikudza pazuva rekutambudzika kwavo.* ***Haufaniri*** *kupinda pagedhi revanhu vangu pazuva ravanowirwa nenjodzi.* ***Haufaniri*** *kufarira dambudziko rake, Uye* ***haufaniri*** *kutora pfuma yake pazuva raanowirwa nenjodzi.* ***Haufaniri*** *kumira pamharadzano dzenzira kuti uuraye vanhu vake vanenge vachitiza, Uye pazuva redambudziko rake* ***haufaniri*** *kutora vanenge vapona uchivaisa mumaoko omuvengi."* Mumashoko akanokorwa pamusoro, Mwari vanoti haufaniri kasere. Izvi zvinorakidza ukasha hwaMwari pamusoro pouyo achapikisana naivo Mwari. Jehovha vakatarira Shoko ravo kuti varizadzikise, *"... sezvinoita mvura nechando zvinonaya zvichibva kudenga, izvo zvisingadzokeri ikoko kusvikira zvanyorovesa nyika, kuti ibereke uye imere, kuti zvigopa mudyari mbeu uye zvokudya kune anodya, Ndizvo zvichaita shoko rangu rinobuda mumuromo wangu. Harizodzoki kwandiri risina zvaraita, asi kuti richatoita zvose zvandinofarira, Uye richatobudirira pane zvandinorituma kuti rite"* (Isaya 55:10-11).

Jehovha Mwari waIsiraeri vanoti ivo Mushoko ravo, Iwe neni hatifaniri kufarira dambudziko panaIsiraeri, Hatifaniri kufarira kuparara kwevanhu veJudha, zvakare hatifaniri kutaura mashoko okuzvidza pazuva rokutambudzika kwavo. Chatinofanira kuita chete, kutaura. Tinofanira kusimudza manzwi edu zvine mutsindo! Nguva yasvika zvino yokuti iwe neni titaure neinzwi rimwe chete tichiti, *"Nokuda kweZioni handinganyarari, nokuda kweJerusarema handingarambi ndinyerere, kusvikira kururama kwake kwapenya*

samambakwedza, noruponeso rwake somwenje unopfuta" (Isaya 62:1). Mwari vatigadza, iwe neni, senharire dzaIsiraeri. *"Ndakagadza nharirire pamasvingo ako, iwe Jerusarema; havangambonyarari masikati kana usiku.* (Naizvozvo) *Imi munodana kuna Jehovha,* (zvichireva iwe neni) *musazororа, uye musapa Jehovha zororo kusvikira asimbisa Jerusarema, uye ariita rumbidzo yenyika"* (62:6-7). Samupositori Pauro mwoyo yedu inofanira kutsva pamusoro paIsiraeri, uyo anoti, *"Ndinotaura chokwadi muna Kristu, handirevi nhema, hana yangu inondipupurira muMweya Mutsvene ndino kusuwa kukuru kwazvo neshungu dzisingaperi mumwoyo mangu. Nokuti ndinoshuva kuti dai ini pachangu ndaiva munhu akatukwa uye ndakaparadzaniswa naKristu nokuda kwehama dzangu, ivo vorudzi rwangu, ivo vanhu vaIsraeri. Kuva vana ndokwavo; nokubwinya ndokwavo, nesungano, nokupiwa kwomurayiro, nokunamata Mwari mutemberi uye zvipikirwa ndezvavo. Madzibaba ndeavo, uye naKristu akabva kwavari panyama, ari Mwari pamusoro pazvose, anokudzwa nokusingaperi! Ameni"* (vaRoma 9:1-5).

Sevatendi Mwari vanotidanira kunyengeterera guta reJerusarema. MaPisarema 122:6-9 inoti, *"Nyengetererai rugare rweJerusarema: Vanokuda iwe Jerusarema dai vagara zvakanaka. Dai mukati mamasvingo ako maita rugare, nokuchengetedzeka mukati menhare dzako. Nokuda kwehama neshamwari dzangu (vaJudha), ndichati, Rugare ngaruve mukati mako. Nokuda kweimba yaJehovha Mwari wedu (imba yaIsiraeri), ndichatsvaka kubudirira kwako." "Pamufaro wenyu wakanaka, itai kuti Zioni ribudirire; muvake masvingo eJerusarema. Ipapo pachava nezvibayiro zvakarurama, zvipiriso zvinopiswa zvakazara zvinokufadzai; ipapo hando dzichabayirwa paaritari yenyu"* (MaPisarema 51:18-19).

Yasvika zvino nguva yokuti vaKristu vose vanotenda muShoko raMwari vasimuke nokumisikidzana neuturu uhwu hwokuvenga verudzi rwechiJudha, uhwo hwakakonzera kukurwa kwe mamirioni matanhatu evarume, vakadzi nevana vechiJudha. Uturu uhu nhasi huri kusvasvavira kukura rudzi rwose rwavaJudha mupasi rose. Savatendi, tinotsigira Isiraeri nemhaka yokuti tinotenda kuti manzwi aMozisi nevaporofita vose akafemerwa naMwari waAbhurahamu, Isaka naJacobhu. Tinotenda kuti, kuvapo kwenyika yaIsiraeri mudunhu ravakavimbiswa naMwari kuna Abhurahamu, Isaka naJakobhu izodzo yaMwari. Tinotenda kuti Mwari vane urongwa neiyi nyika, yaIsiraeri, uye kuti vachiri kuvavarira kuropafadzwakwepasi rose kubudikidza navo. Mwari mumwe chete akataura pagomo reSinai ndiMwari vedu. Abraham, Isaac, naJacob madzitateguru edu mukutenda napamweya. Jeremiah, Ezekia, naDanieri vaporofita veduwo. Mambo Davita, murume wavakazvisarudzira nemwoyo wavo, nayewo igamba redu mukutenda. Guta reJerusarema, Zioni guta raMwari, ndiwomuzinda wedu mukuru pamweya. Uye nduramo youtongi hwavaJudha munyika yaIsiraeri chirakidzo chikurusa chokuti Mwari vomuBhaibheri vanorarama uye Shoko ravo nderezvokwadi.

Tinofanira kurangaridzanazve, samaKristu, kuti Muponisi watino shumira Muponisi worudzi rwavaJudha, uye tinotenda kuti ndiMessiah Mutsvene wavaJudha, uyo anotaurwa nezvake muzviporofita zvakare, uye ndiye akagashidza ushumiri hweivhangeri kuvapositori, gumi nevaviri zvakare vechiJudha. Takatarirana nedutu guru iri rokuvengwa kwevaJudha uye nenyika yavo yechipikirwa, tinofanira kutaura tose, neinzwi rimwe chete, zvinemutsndo kuti isu sevaKristu tinomira naIsiraeri.

Pano handirevi ini mudikani kuti vaJudha vose ndeva tsvene vasina zvivi zvavanopomerwa, nokutadza. Apa bodo! Sevanhuwo venyama neropa vaJudha vanotadza nokutdzisisa. Anditi shoko raMwari rinoti "tose takatadza tikasasvika pakubwinya kwaMwari." Ukaverenga nhoroondo yavaIsiraeri **muTestamende Yakare** uchaona kuti ivo Mwari vaitombovawo nenguva yavaizvisvora nokuda kwokusindimara kwemwoyo yavaJudha. Bva izvi hazvirevi kuti, chijana ndechedu chokuvanyenyeredza nekuvabvisa pavakaiswa naMwari. Hatifaniri kutora uyu mukana pamufungiro weropa nenyama kana kuti pazvematongerwo, (**political decision)**. Kusapota, kana kuti kutsigira, Isiraeri chimwe chezviito zvokuteerera Mwari (**an act of obedience**). Kutsigira nokuropafadza Isiraeri kunouya nokuzarurirwa, sezviya zvakaitirwa Petro. Seni ndinoda kutenda Mwari zvikuru nekupisira, kunamatidzira uye kunamirira kwavakaita rudo rwavo kuna Isiraeri pamwoyo wangu. Mumazuva angu ndichararama ndichaita samuporofita Eria. Nenyasha dzaMwari ndichashandira kudzosera mwoyo yemadzibaba kuvana vavo uyewo mwoyo yevana kumadzibaba avo. ***"Tarirai, ndichakutumirai muprofita Eria, zuva iro guru raJehovha, uye rinotyisa risati rasvika. Iye achadzosera mwoyo yamadzibaba kuvana vavo, nemwoyo yavana kumadzibaba avo…."* (Malachi 4:5-6).** Pandiri ini mhiko yakaitwa naMwari neguta reJerusarema, *"Kana ndikakukanganwa, iwe Jerusarema, ruoko rwangu rworudyi ngarukanganwe umhizha hwarwo. Rurimi rwangu ngarunamatire kumusoro kwomuromo wangu, kana ndikasakurangarira iwe, kana ndisingafungi Jerusarema, iwo mufaro wangu wapamusoro-soro"* (MaPisarema 137:5-6).

Rega ndikudane mudikani tinyengeterere pamwe chete nyika yaIsiraeri nevorudzi rwavaJudha. ***Ndapota nyengeterera kudzivirirwa kwaMwari kuve pamusoro paIsiraeri nerudzi rwose rwava Judha. Tenda Mwari nokusunungurwa kwevatapwa uye kusunungurwa kwevachiri muutapwa. Nyengeterera kudzivirirwa kwevaPalestina avo varipanyanga dzamushore. Patiri kunyora ichi chinyorwa vangangopfuura zviuru gumi nevashanu vakaurawa muGaza Strip. Nyengeterera kunyaradzwa kwevari kuchema kurasikirwa nehama neshamwari muIsiraeri neGaza Strip. Nyengeterera njere kuvatungamiri hwezvematongorwe enyika nemuchiuto. Nyengeterera kuti iparadzwa zvachose nekuchimbidza. Nyengeterera kuti kanapo vari mumupata worufu iwoyu, Jehovha vachavhura meso nehana dzevazhinji kurugare neruoniso runowanikwa chete muna Jesu Kristu, iye Messiah.***

Kunyengeterera Isiraeri Neverudzi RwaJudha

(Kubva muHerald Of His Coming yaNdira/Kukadzi 2024)

Nemusi wa 7 Gumiguru (October) boka rematororo reHamas, iro ririkutonga muGaza Strip (kuchamhembe kwenyika yeIsiraeri) rakanorwisa nyika yaIsiraeri, richipotsera mabhambu, rakapinda nechisimba rikauraya vane chiuuru nemazana maviri, vakawanda vavo vari zvizvarwa zveIsiraeri, uye vakatapa vane mazana maviri nemakumi mana kusanganisira vana nezvanana. Izvi zvakonzera kuti **October 7** (Gumiguru 7) rizikanwe sezuva **Rokurwadziwa** kuvaJudha kubvira muGukurahundi raHitira. Chiriporipocho Isiraeri yakadzorerawo moto, hondo neboka reHamas ichibva yatanga, ipapo. Apo nyika yeIsiraeri yakange yokokorodzera vanhu vayo kuti izvidzivirire, mupasi rose makasimuka mhepomupengo yeZivengamaJudha, kukava nezhowezhowe izvo zvakasiya vanhu vechiJudha varipanyanga dzamushore nokutya. Sangano re*Jews for Jesus* rinotipa mataririro atinofanira kuita gakava iri neziso reShoko raMwari.

"…Apo huwandu hwavo, mupasi rose, chingori zvidimbu zviviri kubva muzana 2%, bva rudzi rwavaJudha runovengwa zvinopfurikidza mwero kupfuura mamwe marudzi ose. Izvi haasiri mawira mombe aiwa. Shoko raMwari rinotipa nheyo yokunzwisisa zvose zvirikuitika izvi kuti ihonda yamukare yagara iripo pakati Mwari wedu naSatani.

"Mwari vakasimidzira chokwadi chehunhu hwavo mukururama nenduramo yeropa ravaJudha kusvika nhasi, ukuwo zvakare Satani, mukufuridzira mweya womukiro, munhoroonda yepasi rose kuti vavaparadze, ari kushangairira kuti panzi Mwari vanonyepa. Mwari vakavimbisa Isiraeri: *'Ndichakuita rudzi rukuru uye ndichakuropafadza; ndichaita kuti zita rako rive guru, uye iwe uchava ropafadzo. Ndicharopafadza vaya vanokuropafadza, uye ani naani anokutuka ndichamutuka; uye marudzi ose ari panyika acharopafadzwa kubudikidza newe'* (Genesis 12:2-3).

"...Maringe nenyika yaIsiraeri, Mwari vachitaura naAbhurahamu vakati, *'...Nyika yose yeKenani, mauri mutorwa iko zvino, ndichaipa kwauri nokusingaperi kuti ive yako nezvizvarwa zvako zvinokutevera; uye ini ndichava Mwari wavo'* (Genesis 17:8). Tinomira naMusiki Wepasi rose, (neShoko rake) uye tinotenda kuzvivimbiso zvake kuti achachengetedza rudzi rwavaJudha."

"Zvanzi naJehovha, iye anogadza zuva kuti rivhenekere masikati, anoisa chirevo kumwedzi nenyeredzi kuti zvivhenekere usiku, iye anomutsa gungwa kuti mafungu aro atinhire, Jehovha Wamasimba Ose, ndiro zita rake: 'Kana chete mitemo iyi ikabva pamberi pangu,' ndizvo zvinotaura Jehovha, 'ndiko kuti zvizvarwa zvaIsraeri zvigume kuva rudzi pamberi pangu.' Zvanzi naJehovha: 'Kana chete matenga ari kumusoro akagona kuyerwa, uye nheyo dzenyika dziri pasi dzikagona kunzverwa, ipapo ndipo pandingarambe zvizvarwa zvaIsraeri nokuda kwezvose zvavakaita,' ndizvo zvinotaura Jehovha" (Jeremia 31:35-37).

"Zvanzi naJehovha: 'Kana ndikasasimbisa sungano yangu namasikati nousiku nemitemo yakatemwa yematenga napasi, ipapo ndicharamba vana vaJakobho naDhavhidhi muranda wangu uye handingasarudzi mumwe wavanakomana vake kuti abate ushe pamusoro pavana vaAbhurahama, Isaka naJakobho. Nokuti ndichadzosa nhaka yavo uye ndichavanzwira tsitsi'" (33:25-26).

Ngatinamate…

Kunyengeterera Vakapambwa:

Uyo akaropafadza baba vedu Abraham, Isaka, Jakopo, Josefa, Moses, Aaron, Davidha naSoromoni ngaaropafadze, ngaatarire, kutungamirira uye nekusesekedza vose vasiri kuwanikwa muuto redziviriro reNyika yaIsraeri (IDF), uye nevose vakapambwa, kusanganisira hama dzose dzapamwoyo dzeimba yaIsiraeri vagere mukshungurudzwa neutapwa. Kubudikidza neminamato yeKereke tsvene, Jehovha Mutsvene ngaavaropafadze, adurure nyasha pamusoro pavo uye avasunungure kubve murima iri gurusa, adambure mangetane, avasunungure kubva mukushungurudzwa kukuru uye avadzoredzerezve nekukurumidza muugaro hwakanaka hwedzimhuri dzavo. *"Vaonge Jehovha nokuda kwerudo rwake rusingashanduki uye nokuda kwemabasa ake anoshamisa aakaitira vanakomana vevanhu"* (MaPisarema 107:8). Uye kubudikidza navo mashoko amuporofita Isaya 35:10 ngaazadzikiswe, *"Vaya vakadzikinurwa naJehovha vachadzoka, uye vachasvika kuZiyoni vachishevedzera nemufaro. Mufaro usingaperi uchava korona mumisoro yavo. Vachafara chaizvo, vachipembera nemufaro, uye kusuwa kukuru nekugomera zvichatiza."* Isu tose ngatiti, Amen!

[Se**Mharidzo Yokuuya Kwake**, tinotenda kuti Mwari havana kubvira varasa rudzi rwavaIsiraeri. Rudzi rwaIsiraeri kana kuti rwavaJudha ndevakasarudzwa naMwari (the Chosen People) uye ruchine chikuru chokuita muurongwa hwaMwari mukuponesa nyika, saka nanhasi isu sevatendi tinofanira kuropafadza nokunyengeterera nyika yaIsiraeri neverudzi rwaJudha, sokureva kweShoko ravo panaGenesisi chitsauko 12 vhesi 2 naMapisarema chitsauko 122 vhesi 6. Yasvika zvino nguva yokuti vatsvene vanzvere Magwaro, kuti vanzwisise kuda kwaMwari uye vofamba muchiedza cheShoko raMwari waAbhurahamu, Isaka naJakobhu.]

ZVATINOTENDA SEMHARIDZO YOUKUUYA KWAKE

1. **Tinotenda** kuti Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, ndorwechokwadi, runesimba uye ndirwo rune chiga kana shoko rokuguma panyaya dzose dzokutenda. (2 Timoti 3:16).

2. **Tinotenda** kunaMwari mumwe chete uyo anozvirakidza muutatu: Mwari Baba, Mwari Mwanakomana uye Mwari Mweya Mutsvene (Mateo 28:19).

3. **Tinotenda** munaIshe Jesu Kristu, kuzvarwa kwavo nemhandara Mariya, hupenyu hwavo husina chivi, muzvishamiso neminana yavo, mukuponeswa kunobva murufu rwavo, Kubudikidza neropa ravo, kumuka kwavo kubve kuvakafa, nokukwira kwavo vachinogara kurudyi rwechigaro chaBaba uye mukudzoka kwavozve musimba nokubwinya.

4. **Tinotenda** kuti, kuti pave noruponeso kuvakarasika, kuzvarwa patsva noMweya kunofanira uye kwakakosha zvikuru (Johani 3:3-7; 1 VaKorinde 12:3).

5. **Tinotenda** muushumiri hwaMweya Mutsvene nhasi, uyo anozadza nokukwanisira muKristu kuti ararame upenyu hutsvene nokufadza Mwari (VaGaratia 2:20).

6. **Tinotenda** mukumuka kwovakafa, vakarasika vanomukira mukuraswa, vatsvene vachimukirawo kuupenyu husingaperi (Ruka 21:27; Mabasa 1:1-11).

7. **Tinotenda** mukuwadzana pamweya kwevatendi vose munaKristu Jesu (Johani 13:34).

8. **Tinotenda** kuti Mwari havana kurasa rudzi rwavaIsiraeri. Rudzi rwaIsiraeri ndevakasarudzwa vaMwari uye ruchine chikuru chokuita muurongwa hwaMwari mukuponesa nyika, saka nanhasi isu tinofanira kuropafadza nokunyengeterera nyika yaIsiraeri sokureva kweShoko ravo (Genesis 12:2; Pisarema 122:6

MUNAMATO MUKURU WEVAJUDHA . . .

Munamato unotevera wakanyorwa nemudzizdzsi mukuru wechiJudha [Rabbi] munyika yelsiraeri mugore ravakawana kuzvitonga kuzere, 1948, uye unoverengwa mumasinagoge avo pasi rose nemusi weSabata. Munzwe achinamata....

Baba vedu varikudenga Ibwe noMuponesi waIsiraeri… Ropafadzai Isiraeri, ruva rokutanga reruponiso rwenyu. Muvhumbamirei namapapiro enyu orudo uye nounyoro hwenyu mowadzira pamusoro pake Tebhanekeri yerunyararo rwenyu. Tumirai kubwinya nechokwadi chenyu kuvatungamiriri vedu, vashandiri vavo noutungamiri hwedu hwose. Vatungamirei zvineungwaru pamberi penyu. Simbaradzai maoko avanodzivirira Nyika Yenyu Tsvene…Vapei dziviriro O Ishe uye muvashongedze nguwani yokukunda Ipai runyararo munyika uye nomufaro usingaperi kuvagari vayo, Kuhama dzedu, imba yose yaIsiraeri,varangarirei, kwose kwavakapararira, Muvadzorerezve mukururama kuguta renyu reZion, NeJerusarema Nzvimbo yamunogara. Sezvazvakanyorwa Mumutemo waMoses Muranda wenyu zvichinzi: *"kunyange dai manga makarasirwa kunyika iri kure pasi pedenga, kubva ikoko Jehovha Mwari wenyu achakuunganidzai uye agokudzosai kunyika yamadzibaba enyu, uye muchaitora igova yenyu. Achakuita kuti mugonyanyobudirira uye muwande kupfuura madzibaba enyu."* Sunganidzai hana dzedu O Jehovha murudo nokuremekedza zita renyu, Tichengetedze mashoko ose ari Mubhuku Yomutemo. Chimbidzirai kutumira Muzodziwa wenyu Messiah mutsvene weimba yaDhavidha, kuzosunungura vose vanenyota yoruponiso rwenyu. Wonekai mukubwinya kwenyu kundudzi dzose dzepasi, Uye mweya wose ushumire uchiti: Jehovha Mwari waIsiraeri ndiye Mambo, Uye Umambo noutongi hwake huri pamusoro pazvose. Amen!

(Panzizi dzeBhabhironi takagarapo tikachema, patakarangarira Zioni. Pamikonachando apo ndipo patakaturika mbira dzedu, nokuti ipapo avo vakatitapa vakatikumbira nziyo, vatambudzi vedu vakatigombedzera kuti tiimbe nziyo dzomufaro, vakati, "Tiimbirei rumwe rwiyo rweZioni!" Tingaimba seiko nziyo dzaJehovha tiri munyika yokumwe?)

MAGWARO ANOTIKURUDZIRA KUROPAFADZA ISRAERI

Mwari vachitaura naAbhurahamu vanoti: *"Ndichakuita rudzi rukuru uye ndichakuropafadza; ndichaita kuti zita rako rive guru, uye iwe uchava ropafadzo. Ndicharopafadza vaya vanokuropafadza, uye ani naani anokutuka ndichamutuka; uye marudzi ose ari panyika acharopafadzwa kubudikidza newe"* (Genesis 12:2-3).

Nyengetererai rugare rweJerusarema: *"Vanokuda iwe Jerusarema dai vagara zvakanaka. Dai mukati mamasvingo ako maita rugare, nokuchengetedzeka mukati menhare dzako.Nokuda kwehama neshamwari dzangu, ndichati, Rugare ngaruve mukati mako. Nokuda kweimba yaJehovha Mwari wedu, ndichatsvaka kubudirira kwako"* (MaPisarema 122:6-9).

"Kana ndikakukanganwa, iwe Jerusarema, ruoko rwangu rworudyi ngarukanganwe unyanzvi hwarwo. Rurimi rwangu ngarunamatire mukanwa mangu kana ndikasakuyeuka, Kana ndikasaita kuti Jerusarema rive chikonzero changu chikuru chokufara" (MaPisarema 137:5-6).

"Nokuda kweZioni handinganyarari, nokuda kweJerusarema handingarambi ndinyerere, kusvikira kururama kwake kwapenya samambakwedza, noruponeso rwake somwenje unopfuta. Ndudzi dzichaona kururama kwako, uye madzimambo ose achaona kubwinya kwako..." (Isaya 62:1-2).

"Ndakagadza nharirire pamasvingo ako, iwe Jerusarema; havangambonyarari masikati kana usiku. Imi munodana kuna Jehovha, musazorora, uye musamupa zororo kusvikira asimbisa Jerusarema, uye ariita rumbidzo yenyika" (Isaya 62:6-7).

"VeMasedhonia neveAkaya vakafadzwa kuti vagovane navarombo pakati pavatsvene vari muJerusarema. Nokuti vakaona zvakanaka kuti vaite izvi, uye zvirokwazvo vane ngava kuti vavaitire izvi. Nokuti kana veDzimwe Ndudzi vakagovanawo pazvinhu zvoMweya zvavaJudha, vane ngavawo kuvaJudha kuti vagoverane navo pazvinhu zvavo zvenyika ino" (VaRoma 15:26-27).

Zvatinotenda isu seMharidzo Yokuuya Kwake pamusoro paIsiraeri: Tinotenda kuti Jehovha Mwari havana kurasa rudzi rwavaIsiraeri. Rudzi rwaIsiraeri ndovakasarudzwa vaMwari uye ruchine chikuru chokuita muurongwa hwaMwarimukuponesa nyika. Isiraeri ndiye dangwe raMwari saka nanhasi isu savatendi tinofanira kuropafadza nokunyengeterera nyika yaIsiraeri sokureva kweShoko ravo (Genesis 12:2; MaPisarema 122:6).

Uporofita Pamusoro Penyika YaIsireari . . .

Manzwi anotevera ndeayo akataurwa nevaporofita vakare uye mamwe ndeakataurwa nevakuru muzvematongerwo enyika nemuzvitendero pamusoro penyika yaIsiraeri nerudzi rwevaJudha. Kuzadzikiswa kwezviporofita izvi uye nokumiono iyi, kunoratidza pachena kuvimbika kwaMwari kuShoko ravo uye kurudzi rwaIsiraeri. Mashoko aya anotipazve simba nechivimbo chokuti tizive kuti uyo akatidanai akatendeka uye achazviita.

Sungano YaJehovha naAbhurahamu pamusoro penyika yaIsiraeri….*"Abhurama akati ava namakore makumi mapfumbamwe namapfumbamwe okuberekwa, Jehovha akazviratidza kwaari akati, "Ndini Mwari Wamasimba Ose; famba pamberi pangu uye uve wakarurama. Ndichasimbisa sungano yangu pakati pangu newe uye ndichakukurisa kwazvo…Kana ndirini, iyi ndiyo sungano yangu newe: Uchava baba vendudzi zhinji. Hauchazonzi **Abhurama**; zita rako richanzi **Abhurahamu** nokuti ndakuita baba vendudzi zhinji. Ndichakuita kuti uve navana vazhinji; ndichaita ndudzi kubva mauri, uye madzimambo achabva pauri. Ndichasimbisa sungano yangu sesungano isingaperi pakati pangu newe uye nezvizvarwa zvako zvinotevera kumarudzi achauya, kuti ndive Mwari wako naMwari wezvizvarwa zvako zvinotevera. Nyika yose yeKenani, mauri mutorwa zvino, ndichaipa kwauri nokusingaperi kuti ive yako nezvizvarwa zvako zvinokutevera; uye ini ndichava Mwari wavo"* (Jehovha vachitaura naAbhurahamu, **Genesis 17:1-8**).

[Mugore ra 1897 muguta reBasel riri munyika yeSwitzerland mumwe murume anonzi Theodor Herzel, uyo aive wechiJudha, akatungamirira kuzarurwa kwomusangano wokutanga wemaZioni waidanwa nezita rokuti "The World Zionist

Congress". Achitaura mushure momusangano iwoyu Herzel akati iye "MuBasel ndadyara [mhodzi] yenyika yokwaIsraeri. Ndikazvitaura zvose izvi nhasi pasi rose richazvitambira nokuseka kukuru. Mumakore mashanu, handinyatsoziva asi mumakore makumi mashanu anotevera, ndine chokwadi munhu wose achazobvumirana neni." Akaendererazve mberi Harzel achiti, "VaJudha vose vanoshuwira nyika yavo vachaiwana. Tichagara hedu sevanhu vakasununguka muvhu rokwedu uye tichafira mudzimba dzedu tiri vakasununguka." **(Theodor Herzl muna 1897 mubhuku rake rinonzi "Der Judenstaat"]**

Uporofita hwokudzoredzerwazve munyika yavo yechipikirwa…*"Naizvozvo uti kuimba yaIsraeri, 'Zvanzi izvo naJehovha: Hakusi kuda kwenyu, imba yaIsraeri, kuti ndiite zvinhu izvi, asi imhaka yezita rangu dzvene, ramakasvibisa pakati pendudzi kwamakaenda. Ndicharatidza utsvene hwezita rangu guru, rakanga rasvibiswa pakati pendudzi, zita ramakasvibisa pakati pavo. Ipapo ndudzi dzichaziva kuti ndini Jehovha, ndizvo zvinotaura Jehovha, panguva yandinoratidza utsvene hwangu kubudikidza newe pamberi pavo. Nokuti ndichakubudisa pakati pendudzi; ndichakuunganidzai kubva kunyika dzose* ***ndigokudzoserai munyika yangu chaiyo****. Ndichasasa mvura yakachena pamusoro penyu, uye muchava vakachena, ndichakunatsai patsvina yenyu yose napazvifananidzo zvenyu. Ndichakupai* ***mwoyo mutsva*** *nokuisa* ***mweya mutsva*** *mukati menyu, ndichabvisa mwoyo webwe mamuri ndigoisa mwoyo wenyama mukati menyu. Uye ndichaisa Mweya wangu mukati menyu uye ndichakuitai kuti mutevere mitemo yangu mugochenjerera kuchengeta mirayiro yangu. Muchagara munyika yandakapa madzitateguru enyu; imi muchava vanhu vangu, uye ini ndichava Mwari wenyu. Ndichakuponesai kubva pakusachena kwenyu kwose. Ndichadana zviyo ndigozviwanza uye handingauyisi nzara pamusoro penyu. Ndichawanza zvibereko zvemiti uye nezvirimwa zveminda, kuitira kuti murege kuzoshorwazve pakati pendudzi nokuda kwenzara'"* **(Ezekiel 36:22-30)**.

"Ipapo Jehovha akati kwandiri, 'Mwanakomana womunhu, mapfupa aya ndiyo imba yose yaIsraeri. Ivo vanoti, "Mapfupa edu aoma uye hatisisina tariro; taparadzwa." Naizvozvo profita uti kwavari, 'Zvanzi izvo naJehovha: Haiwa vanhu vangu, ndiri kuzozarura marinda enyu ndigokubudisai maari; ndichakudzoseraizve kunyika yaIsraeri. Ipapo imi, vanhu vangu, muchaziva kuti ndini Jehovha, pandichazarura marinda enyu ndichikubudisai maari. Ndichaisa mweya wangu mukati menyu mugorarama, uye ndichakugarisai munyika yenyu. Ipapo muchaziva kuti ini Jehovha ndakazvitaura, uye ndakazviita, ndizvo zvinotaura Jehovha'" **(Ezekiel 37:11-14)**.

Uporofita Pamusoro pekuzvarwa kwenyika yaIsiraeri…*"Asati arwadziwa nemimba, anosununguka; kurwadza kusati kwauya pamusoro pake, anosununguka mwanakomana. Ndiani akambonzwa chinhu chakadai? Ndiani akamboona zvinhu zvakadai? Ko, nyika ingazvarwa pazuva rimwe here kana rudzi rungazvarwa pakarepo here? Kunyange zvakadaro, Zioni rakangoti kurwadziwa, pakarepo ndokubereka vana varo"* **(Muporofita Isaya 66:7-8)**.

Hurumende youMambo inotarira neyemuro kukugadzikwa mudunhu rePalestina kwomusha wavaJudha, uye ichashandisa unyanzvi hwayo hwose hwakaperera kubatsidzira muono iwoyu, paine kunzwisisa kuti hapana chichaitwa chichatyora kodzero mumararamiro nezvitendero yavose vasiri vaJudha vari mudunhu rePalestina, kana kodzero uye zvimiro muzvematongerwo kwavaJudha vari mune dzimwe nyika… *(naSecretary* ***Arthur Balfour****. (Gurukota Rokunze Kwenyika muBritain musi wa 31 Gumiguru 1917****,*** *vachinyorera* ***vaLord Rothschild nevebato reZionist Federation.*** *Gwaro iri rinozivikanwa nezita rokuti* ***The Balfour Declaration.)***

Uporofita pamusoro peJerusarema mumazuva okugumа…*"Mumazuva okupedzisira gomo retemberi yaJehovha richasimudzwa segomo guru pakati pemakomo; richasimudzwa pamusoro pezvikomo, uye marudzi ose achaenda kwariri. Ndudzi zhinji dzichauya dzichiti, 'Uyai, handei kugomo raJehovha, kuimba yaMwari waJakobho. Iye achatidzidzisa, kuti tigofamba munzira dzake.' Murayiro uchabuda kubva paZioni, shoko raJehovha kubva paJerusarema. Achatonga pakati pamarudzi mazhinji uye achapedza gakava pakati pendudzi dziri kure. Vachapfura minondo yavo vagoiita mapadza, namapfumo vachiaita mapanga okucheka-erera miti. Rudzi haruzosimudziri rumwe rudzi munondo, havazodzidzirizve kurwa. Mumwe nomumwe achagara pasi pomuzambiringa wake, napasi pomuonde wake, uye hapana anozovaita kuti vatye, nokuti Jehovha Wamasimba Ose ataura"* **(Mika 4:1-4)**.

Ndudzi dzose dzichamhanyira kuZion guta raMwari…*"Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: 'Vanhu vazhinji navagari vomumaguta mazhinji vachauyazve, uye vagari vomune rimwe guta vachaenda kune rimwe vachiti, "Ngatiendei nokuchimbidza kundokumbira nyasha kuna Jehovha, nokutsvaka Jehovha Wamasimba Ose." Ini pachangu ndiri kuenda.Uye vanhu vazhinji nendudzi dzine simba vachauya kuJerusarema kuzotsvaka Jehovha Wamasimba Ose nokukumbira nyasha kwaari'"* **(Zekaria 8:20-22)**.

[Mubatanidzwa wenyika nhatu dzemuEurope, tiri mukufunga kumwe chete kwedzihurumende nevanhu vedu tawirirana kuti mudunhu rePalestine muchadzikwa nheyo dzepfuma imwe chete yavaJudha. **(Woodrow Wilson, March 1919).]**

VaJudha havazodzuurwizve kubva munyika yavakapiwa…*"'Mazuva ari kuuya,' ndizvo zvinotaura Jehovha, 'mucheki paachapfuurwa nomurimi, uye mudyari paachapfuurwa neanosvina mazambiringa. Waini itsva ichadonha*

kubva kumakomo, uye ichayerera kubva pazvikomo zvose. Ndichadzosazve vanhu vangu vakatapwa, ivo vaIsraeri; vachavakazve maguta akaitwa matongo uye vachagara maari. Vachasima minda yemizambiringa vagonwa waini yayo. Vacharima mapindu uye vachadya zvibereko zvawo. Ndichasima Israeri munyika yavo voga, havangazodzurwizve kubva panyika yandakavapa,' ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari wako" **(Muporofita Amosi 9:13-15)**.

[Muzviporofita zvingangosvika gumi] kuunganidzwa nekudzoredzerwazve kwava Judha,munyika yavo mumazuva okupedzisira kuno nongedzerwa zvizere. Zvose zviporofita izvi zvinofembedzera kuunganidzwazve kwenyika yavaJudha kubva kumativi mana ose enyika, uye kudzoredzerwa kwavozve munyika yavo, *yechipikirwa*. **(NaBishop J C Ryle)**]

Vanhu Vachada Nokufarira VaJudha…*"Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: Mumazuva iwayo varume gumi kubva kundimi dzose nendudzi dzose vachabatirira kwazvo pamupendero wenguo yomuJudha vachiti, "Ngatiendei tose, nokuti takanzwa kuti Mwari anewe'"* **(Zekaria 8:23)**.

[VaJudha ndevakasarudzwa vaMwari. Hazviti kuti tizviise kudivi rokupikisana naIsiraeri tikasasara tine mavanga. **(NaBilly Graham 1918-2018)**]

Kunyengeterera Nyika Yalsiraeri

naDave Butts (1953 – 2022)

Hazvishamisi kuti Isiraeri ijerero rokupesana nokusanzwisisana, mupasi rose uye nemuKereke yaShe nhasi. Zvagara ndozvazvaive zviri kubva makareko. Kuti uzvinzwisise munhu anofanira kudzokera kumashure otarisa mamiriro eiyi nyika, iyo iri zambuko pakati peutongi nemadzimambo anogara achitatsurana kwemakore anezviuru. Kana kutiwo munhu ngaatarire kuchitendero chavo vaJudha, chaMwari mumwe chete icho chagara kubva pasichigare *kusvikira nhasi*. Vaongorori vezvematongerwo, nhasi zvichida vangatarira kuukasha nokuvengana kuripo, nhasi pakati pamaJudha namaArabhu uku senhungirwa dzembengo dzakamera kubva kareko, zvinodzokerera kusvikira kuzitateguru ravo baba Abhurahamu nevana vake Isaka naIshumaeri. Kutungira kwechiKristu kubva pamudzi waIsiraeri kwatungamirira kumhingiridzo muukama sejecha mumupunga kwamakore, kubvira mukusavimbana kusvika mukushungurudzana kune ukasha nameso matsvuku.

Kanapo madonzvo adomwa ose aya ane kachokwadi, ini ndinotenda kuti zvose izvi zvinotubukira zvichibva pachitubu chomweya, zvikuru sei mweya wemadhimoni uyo unokonzeresa kukavadzana kwose uku. Kubva kumavambo, mupikisi mukuru ari iye Satani, anovenga vaJudha zvinoukasha hukurusa. Nokusarudzwa naMwari kwavo, uye kubudikidza navo vaJudha ndivo vanofanira kutizarurira hurongwa hwaMwari hwokuponiswa kwavose pasi rose, apa zvichirevazve nekukundwa kwaiye Satani Dhiabhori mukuru. Ukasha hwokuvenga kwavaJudha kuripo nhasi kunofaniura kuonekwa kana kutsanangurwa sesimba gurusa rowakaipa. Satani aedza nepose paanogona kudhiriza kushanda kwenyasha dzaMwari, nokudhiriza vanhu vake varikuzoshandiswa naMwari kuratidza nyasha dzake.

Kubva Kuna Haman Kusvka Kuna Hitira, ringave gwaro rakanaka chaizvo, asiwo richityisa nemhaka yokuti rinorakidza ukasha hwevanga vaJudha (anti-Semitism). Sokureva kwamaGwaro munguva yaEsitha nababamudiki vake Mordekai, vaJudha vakatarirana nomuvengi weBhabhironi, zita rake ari Hamani uyo aivarira kutsvaira rudzi rudzi rwavaJudha. Kanapo Hamani akaparadzwa, asika mweya wake wokuvenga vaJudha hauna kuparara naye. Ngano dzinotaurazve kuti kuvengwa kwavaJudha kwakakonzera sei mhirizhonga nekushungurudzwa kukurusa. Munguva shomana ichangopfuura mutsindo wevavariro yaHitira nebato rake remaNazis, wokutsvaira, kana kukukura vaJudha vose munyika dzeEurope, (nguva yeGukurahundi) **Holocaust**, chakave chinotyisa zvikurusa uye chisina mukare angazvibvuma, kunze kwokuti waitove mweya wamazidhimoni. Haiwa vatendi vose vanonyengeterera Israeri vanofanira kubatikana zvakasimba nedzihondo dzemuchadenga, kamwe apo vanenge vachinyengeterera Isiraeri.

Izvi zvingave zvakaoma kuzvitenda, asika (ukanyatso zvitarisisa) kunyengeterera Isiraeri kunokwanisa kusimudza mhepo yokusanzwisisana pakati pavadzidzi vaKristu nhasi. Iko kuvapo kwenyika yaIsiraeri nhasi, ndeicho chiri kutopikiswa pakati pavatsvene *muKereke yaMwari*. Pano ndiri kutongo fungirawo hangu kuti vazhinji vari kuverega ichi chinyorwa ndeavo vanotenda kuti kuvapo kwenyika yeIsiraeri mugore ra1948 kwakave kuzadzikiswa kunokatyamadza kwechiporofita, uye kuti zviitiko maringe naIsiraeri zvombo zvingatibatsira kunzwisisa Mazuva Okuguma. Izvi ndizvowo zvandino tenda. Asiwo varipowo madzisahwira angu vatsvene, vanotenda kuShoko raMwari vasingawirirane nemufungo wangu iwoyu.

Handisiri pano kuzondonyerera muono wangu panyaya yakadai, asika (ndauya) kuzopa dzinzira chaidzo dzokunyengeterera nyika yaIsiraeri. Avo vanoona Isiraeri nhasi isina chokuita nokuzadzikiswa kwechiporofita chakare, vanokwanisa kusava nehavi inopisa yokunyengeterera Isiraeri, asika kurudziro yangu kwavari ndeyokuti rabai muchinyengetera, kana dai muchinzwa zvachidaro. Naizvozvo mhedzisiro yazvo iripo ndeyokuti vaKristu vose

vanokwanisa kuisa misoro pamwe chete voungana pamwe, mukuteerera kukutaura kweShoko raMwari kuti tinyengeterera rugare rweguta reJerusarema (MaPisarema 122:6).

Ko, zvinoreveiko kunyengeterera rugare rweguta reJerusarema? Chokutanga rega nditi ini kunyengeterera guta reJerusarema hakupereri chete ipapo, asi kuti kunosanganisirawo nyika yose yaIsiraeri. Kubva munguva yakareyo guta guru reJerusarema raimiririra nyika yose yaIsiraeri. Zvaiti kana nguva yedambudziko yasvika, nyika yose yaIsiraeri yainoungana pamwe chete mumidhuri yeJerusarema kuti vawane dziviriro. Naizvo mubvunzo ndeunoti ko! tinganyengeterera sei rugare rweguta reJerusarema (Isiraeri)?

Chokwadika, tinofanira kuva neshuviro yokudzivirirwa kwaIsiraeri kubva kudzihondo, mhirizhonga nemweya wechitororo. Asika kanapo zviporofita zvichiratidza sokuti ichavapo nguva apo ruoko rwedziviriro yaMwari ruchabviswa pamusoro peJerusarema, kwechinguvana, zvakadaro tinofanira kuramba tichinyengeterera runyararo norugare rwaMwari. Mhando yorunyararo urw runosanganisira kusavapo kweruvengo nekudenhana. Imbofunga kuti kana mhirizhonga iri kuvapo isu tichinyengetera, zvingazovei kana tisinga nyengeteri. Neimwe nzira guta reJerusarema harizowani runyararo, kusvikira apo Muchinda Worugare (Jesu) achadzokazve kuzotonga. Asiwoka kanyange zvakadaro pane rugare runouya muhana dzevanhu nhasi kana Jesu akava Ishe naMuponisi wemwoyo neupenyu hwomunhu. Ini ndinodavira kuti zvakakosha kwazvo kuti tenyengeterere rugare rwaKristu kuti rudururwe mudzihana zhinji dzavaJudha munyika yavo yaIsiraeri. Rugare runopodza nekugare nokusingaperi, munguva yatinenge tichipfuura mumiedzo nokushungurudzwa kukurusa.

Nemusi weSvondo wokutanga mumwedzi waGumiguru gore roga roga, maKereke mazhinjisa anoungana pamwe chete pazuva rinonzi nderekunyengeterera Rugare Rweguta reJerusarema. Kana Kereke yenyu isiri kubatikana muminyengetero yose iyi, ndapota enda unotsvagisisa zvakazara padandemutande, pakero yavo inoti: Kunyengeterera rugare rewguta reJerusarema hachisiri chiitiko chezuva rimwe chete, asika zuva iri romunamato rinokwanisa kukuchidzira mweya weminyengetero yako kwegore rose wakamirira nyika yeIsiraeri.

MaPisarema 122:6 *"Nyengeterera rugare rweJerusarema. Vose vanokuda iwe Jerusarema ngavadzivirirwe…."* Nokuda kwokuva mwongo kwaIsiraeri muzviporofita, muzvamatongerwo zvakare muzvitendero mudunhu reMidde East, minyengetero mizhinjisa inofanira kudururwa tichinyegeterera nyika yeIsiraeri. Sahwira wangu Sandra Teplinsky mubhuku rake rinonzi **"*Why Care About Israel?*"** (Mhaka Yei Kuva Nehanya naIsiraeri), anotipa dzimwe nzira dzokunyengeterera nadzo Isiraeri:

• Kuropafadzwa nekusimbaradzwa kweavo vari muutungiri muzvomweya.

• Kudururwa kukuru kwenyasha kuchatungamirira kukutendeuka kwavaJudha nevaArabhu vose.

• Mutsurudzo nokukura muKereke yaMessiah (Messianic Church) muIsiraeri.

• Kuropafadzwa nouchenjeri muhurumende neavo varimudzinzvimbo dzoutongi neutungamiri.

• Mwari vatumire nekuchengetedza vashandi mukukohwa rudzi rwavaJudha uye kuti Mwari vazarure masuo okudzokerazve kwavaJudha kunyika yavo yechipikirwa (Aliyah).

• Kudzivirirwazve kweguta reJerusarema kubva kuvavengi munyama napamweya.

• Kusunungrwa kwavavengi veJerusarema, (Isiraeri) kubva murima vachipinda muchiedza chaKristu.

• Nyengeterera kuti nyika yako ive chikomborero kuJerusarema nenyika yaIsiraeri.

• Dziviriro kubva kuzimweya raandi-Kristu-riya rinopikisana neurongwa hwaKristu Jesu.

• Kuzadzisikiswa kweizvo zvakadanirwa Guta reJerusarema, guta guru raMambo Mukuru muzviporofita, kuti richava guta rerugare richarooafadza nyika dzose.

• Mwari vatipe chipo chemisodzi yemuteuro inoteurirwa Isiraeri kusvikira zvose zviporofita zvazidzikiswa.

Ndofarira marongerwo emiteuro iyi pamusoro paIsiraeri. Hapana munhuhwi uripo kana wokuedza kugamuchira, kana kupembedza zvose zvinoitwa nenyika yeIsiraeri seizvo zvinobvumidzwa naMwari. Apa bodo! Isiraeri haisisiri nyika yechitendero chimwe chete nhasi, zvakare inewo zvizhinji zvainotadza. Mumarongerwo emiteuro iyi hapanazve kupomerwa mhosva kuripo kuvavengi venyika yaIsiraeri. Asika, muminyengetero yedu, tirikusarudza kufambidzana nehurongwa hwaMwari hwokushandisa vaJudha sechimedu chakakosha muizvozvose zvavari kuita uye nezvavachaita mupasi rose, sezvazvakanyorwa muzviiporofita.

Kunyengeterera Isiraeri mhedzisiro yazvo kukumbira Mwari kuti vashandise chinyika ichi kuunza kubwinya kwavari, uye kuti vashandise ava vanhu vechiJudha kuzadzikisa hurongwa hwavo mupasi rose, sezvavakagara vachiita munguva dzapfuura. Mwari vanoshandisa minyengetero yedu kudzirisa umambo hwavo, uye kukudzwa kuMwanakomana wavo, anova iye Messiah wenyika yaIsiraeri anokudzwa.

Nokuda kwokuti kunyengeterera kwako Isiraeri ndeicho chakakosha zvikurusa muurongwa hwaMwari mumazuva ano okupedzisira, minyengetero yako iyi inofanira kukwichidzirwa zvikuru sei apo nguva yacho yoswedera. Ini ndinodavira kuti boka reminamato yesiku nesikati (24-7) rakatangiwa makore gumi apfura aya uye riri kuramba richitekeshera, riri chiratidzo pacharo chemazuva okupedzisira. Sangano iri re24-7, rineminato yesiku nesikati chirakidzo chokuteerera uye kuzadzikiswa kukutema kwemagwaro anoti, *"…Imi munodana kunaJehovha, musazororora, uye musamuzorodza kusvikira asimbisa Jerusarema, kusvikira aita kuti rive guta rinorumbidzwa pasi rose"* (Isaya 62:6-7).

Mazuva gumi eminyengetero siku nesikati muguta reJerusarema, zuva Pentekosta risati rasvika ndiwo akakwichidzira Kereke kupinda mumunda kwamakore anezviuru

zviviri apfuura. Kumakore ekuma 1700s, minamato yesiku nesikati kwamakore ane zana nekuraudzira yemaMoravians ndiyozve yakatangisa nokutungidza ushumiri hweIvhangeri hwatiri nhasi. Ini ndinotenda kuti ushumiri hweminamato yesiku nesikati yatiri nhasi ichazadzikisa basa roushimiri hweKereke nhasi, hwekuonekazve mukubwinya kwaKristu wedu.

Munamato…

Jehovha Mwari waIsiraeri, ndinoshamiswa zvikuru sei nenzira yamadzorera nayo vanhu venyu munyika yavo yechipikirwa. Mumazuva edu takarira nameso muchidzorera guta reJerusarema kuvana vaIsiraeri uye, kuvakazve kwamaita nyika iyi yaIsiraeri izvo zvaive zvisisafungudzirwi nemunhu wenyama kuti zvingaitika. Chidururai zvino mweya wenyu wenyasha newokunyengetera pamusoro peguta reJerusarema (Zekaria 12:10)*. Dai Jesu Kristu akudzwa saIshe naMuponisi nevanhu vakwake. Dururirai runyararo pamusoro peguta reJerusarema, apo Muchinda Worugare achagadzwa muhana yavaJudha navose vanogara muiyi nyika.*

– Kubva mubhuku: ***Prayer and the End of Days: Praying God's Purposes in Troubled Times***.

ZVATINOWANA KUBVA MUKUROPAFADZA ISIRAERI

Kana tikaropafadza rudzi rwaIsiraeri, zviripo Mwari zvavanotiitira. Somuenzaniso, inzwa udobodo huri munyaya inotevera yaEbhedhi-Mereki. *"Asi Ebhedhi-Mereki muEtiopia aiva muchinda mumuzinda woushe, akazvinzwa kuti vakanga vaisa Jeremia mugomba. Panguva yakanga yakagara mambo paSuo raBhenjamini, Ebhedhi-Mereki akabuda mumuzinda woushe akati kwaari, Ishe wangu mambo, varume ava vaita zvakaipa kwazvo pane zvose zvavaita kumuprofita Jeremia. Vamukanda mugomba umo maachaziya nenzara akafa kana chingwa chapera muguta. Ipapo mambo akarayira Ebhedhi-Mereki muEtiopia, akati, Tora varume makumi matatu pano uende navo munobudisa muprofita Jeremia mugomba asati afa. Saka Ebhedhi-Mereki akatora varume akaenda navo kumba yaiva pasi pechivigiro chepfuma mumuzinda wamambo. Akatorawo mamvemve nenguo tsaru kubva ipapo ndokuzvidzikisa pasi netambo kuna Jeremia mugomba. Ebhedhi-Mereki akati kuna Jeremia, Isa mamvemve nenguo dzakasakara idzi muhapwa dzako zviputire tambo. Jeremia akaita saizvozvo, ndokubva vamukweva netambo ndokumubudisa kubva mugomba"* (Jeremia 38:7-13).

MUBAIRO WAKE…Shoko raJehovha rakasvika kuna *"Jeremia achakapfigirwa muruvazhe rwavarindi, richiti, Enda undoudza Ebhedhi-Mereki muEtiopia kuti, Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri: Ndava pedyo kuzadzisa mashoko angu pamusoro peguta rino nenjodzi, kwete kubudirira. Panguva iyoyo zvichazadzisika pamberi pako. Asi iwe ndichakurwira pazuva iro, ndizvo zvinotaura Jehovha haungaiswi mumaoko evaunotya. Ndichakuponesa; haungaurayiwi nomunondo asi uchatiza noupenyu hwako, nokuti unovimba neni, ndizvo zvinotaura Jehovha"* (Jeremia 39:15-18).

Chivi Nokudzikinurwa

Shoko raMwari rinoti mubayiro wezvivi ndirwo rufu (VaRoma 6:23). Asika chinhu chinofadza ndechokuti Jesu akaripira mhosva iyoyo nokufa kwake pamuchinjikwa; *"namavanga ake takaporeswa"* (Isayo 53:5). Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi (VaRoma 6:11-14); kano tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa (Mabasa 2:38-39; VaRoma 10:9-10).

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira rufu. *"Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari"* (VaRoma 3:23). *"Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu"* (VaRoma 6:23).

2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. *"Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke…Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwira"* (Isaya 55:7).

3. Mukutenda *"kuti Kristu akafira zvivi zvedu…kuti akavigwa akomutswa kuvakafo"* (1 Korinde 15:3-4), vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. *"…Kana ukapupura nomuroma wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa uchaponeswa"* (VaRoma 10:9).

4. *"Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe wako, ramba uchifambo maari"* (VaKorose 2:6).